**दिन—बुधवार** **दिनांक—11.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

विपक्ष द्वारा लोकसभा अध्यक्षक विरूद्ध लाओल गेल अविश्वास प्रस्ताव खारिज भऽ गेल। एहि सँ पूर्व अविश्वास प्रस्ताव पर चर्चाक उत्तर दैत केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह कहलनि अछि जे सदन आपसी विश्वास आ निर्धारित नियमक अनुसार चलैत अछि। ओ कहलनि जे चारि दशक बाद पुनः लोकसभा अध्यक्षक विरूद्ध अविश्वास प्रस्ताव आयल अछि जे संसदीय राजनीति आ सदन दुनू लेल अफसोसजनक घटना अछि। ओ कहलनि जे स्पीकर सदनक सदस्य लोकनिक संरक्षक होइत छथि। एहि सँ पूर्व चर्चा मे भाग लैत नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी कहलनि जे हुनका सदन मे बेर—बेर टोकल जाइत अछि। ओ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पर समझौतावादी हेबाक आरोप लगौलनि। एहि पर भाजपा सदस्य रविशंकर प्रसाद आपत्ति व्यक्त करैत कहलनि जे ई कहियो संभवन नहि अछि। चर्चा मे हस्ताक्षेप करैत संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू विपक्षक आरोप के खारिज कयलनि।

———————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे पश्चिम एशिया मे जारी तनावक स्थिति हमरा लोकनि के आत्मनिर्भरताक महत्व के एक बेर पुनः बुझौलक अछि। श्री मोदी केरलमक एर्णाकुलम मे एक जनसभा के संबोधित करैत कहलनि जे ऊर्जा क्षेत्र मे आत्मनिर्भरताक लेल सौर ऊर्जा समेत वैकल्पिक ऊर्जाक आनो स्रोत के बढ़ावा देबाक लेल बीतल वर्ष मे प्रभावी डेग उठाओल गेल अछि।

———————————————

केन्द्र सरकार कहलक अछि जे देश मे घरेलू उपभोक्ताक लेल ईंधनक कोनो कमी नहि अछि। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्री हरदीप सिंह पुरी सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे सरकार देशक घरेलू उपभोक्ता के सस्ता ऊर्जाक निर्बाध आपूर्ति सुनिश्चित करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ जनौलनि जे भारतक ऊर्जा आयात विभिन्न स्रोत आ मार्ग सँ लगातार जारी अछि। एम्हर, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे घरेलू गैसक जमाखोरी आ कालाबाजारी करयवला पर कड़गर कार्रवाई कयल जायत। एहि मध्य पुलिस मुख्यालयक स्पेशल ब्रांचक उपमहानिरीक्षक सभ प्रमंडलीय आयुक्त आ जिलाधिकारी के गैस आ पेट्रौलक जमाखोर पर कार्रवाई करबाक निर्देश देलनि अछि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे सरकार अगिला पांच वर्ष मे एक करोड़ युवा के नोकरी आ रोजगार देबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री कुमार आइ अररिया आ किशनगंज मे समृद्धि यात्राक क्रम मे जनसभा के संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे सरकार महिला सशक्तिकरण लेल प्रतिबद्ध अछि आ वर्ष दू हजार सोलह मे ओ महिला सभ के नोकरी मे आरक्षण देब शुरू कयलनि जखनकि वर्ष दू हजार छओ मे जीविकाक शुरूआत भेल। मुख्यमंत्री कहलनि जे बिहारक विकास लेल केन्द्र सरकार पूरा सहयोग कऽ रहल अछि। कार्यक्रम के संबोधित करैत उपमुख्यंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे नीतीश कुमार के राज्यसभा गेलाक बादो हिनके मार्गदर्शन मे राज्यसरकार काज करत। मुख्यमंत्री अररिया मे कुल पांच सय छियालीस करोड़क लागतिवला जखनकि किशनगंज मे दू सय पैंतीस करोड़क लागतिवला कतेको योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि।

———————————————————

बिहार मे राज्यसभाक पांच सीट पर होबऽवला चुनाव के लऽकऽ राजनीतिक गतिविधि तेज भऽ गेल अछि। एआईएमआईएमक प्रदेश अध्यक्ष अख्तरूल ईमान आइ राजदक कार्यकारी अध्यक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव सँ भेट कयलनि। विदित अछि जे काल्हि महागठबंधन द्वारा एहि विषय पर आयोजित बैसार मे एआईएमआईएम आ बसपाक विधायक उपस्थित नहि भेल छलाह।

———————————————————

सुपौल मे वीरपुर हवाई अड्डाक विकास आ उन्नयन लेल छत्तीस करोड़ अड़तीस लाख टाकाक निविदा प्रकाशित कयल गेल अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब देलनि।

———————————————————

मधुबनी जिलाक विस्फी थानाक डायल एक सय बारहक अवर निरीक्षक कमलेश राम के एक शराब कारोबारी सँ अवैध रूप सँ शराब मांगबाक आरोप मे पुलिस अधीक्षक योगेन्द्र कुमार तत्काल प्रभाव सँ निलंबित कऽ देलनि अछि।

———————————————————

मौसम विभाग कहलक अछि जे काल्हि पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, शिवहर, सीतामढ़ी, मधुबनी, सुपौल, अररिया आ किशनगंज जिला मे किछु स्थान पर आंशिक बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————

भारतीय क्रिकेट बोर्ड बीसीसीआई आईसीसी टी–ट्वेंटी विश्वकप जीतयवला भारतीय टीम लेल एक सय एकतीस करोड़ टाकाक नगद पुरस्कारक घोषणा कयलक अछि। ई पुरस्कार सूर्य कुमार यादवक अगुवाईवला विजेता टीमक पंद्रह खेलाड़ी, कोचिंग स्टाप आ आनो सहायक–कर्मचारीक मध्य बांटल जायत।

———————————————————

समाप्त